

TATA PANGIBADAH MINGGU KAPING PITU PASKA - GKJ AMBARRUKMA

21 MEI 2023

Gedung Induk Papringan, jam 08.00 WIB

Pepanthan Nologaten, jam 08.00 WIB

(Warni liturgis pethak, Stola : Logo Kembang Lily)

Sakderengipun pangibadah kawiwitan, Liturgos nyumet satunggal lilin pethak ibadah.

1. **Pacawisan** : Imam mimpin pandonga ing konsistori

2. **Liturgos** :

“Pasamuwan kinasih ing patunggilanipun Gusti Yesus Kristus,

Pradataning Pasamuwan ngaturaken sugeng rawuh, sugeng enjang, lan sugeng pepanggihan malih wonten ing pangibadah **Minggu, Selikur Mei Kalih Ewu Tiga Likur** (21 Mei 2023). Mugi kasarasan lan karaharjan tansah nunggil wonten ing Bapak, Ibu, saha para Sadherek, tuwin lare-lare sadaya. Pangibadah wekdal menika ugi dipun giyaraken lumantar *live streaming Youtube GKJ Ambarrukma*, pramila kula ugi ngaturaken sugeng nyuraosi pangibadah tumrap Bapak, Ibu, lan Sadherek ingkang wonten dalemipun piyambak-piyambak utawi wonten pundi-pundi papan.

Bapak, Ibu lan para Sadherek ing wekdal menika kita lumebet ing **Minggu Kaping Pitu Paska**. Kula suwun kawigatosanipun sawetawis, awit wontenipun pawartos Minggu menika, ingkang badhé kula aturaken sapérangan (*maosaken pawartos*).

Jangkeping pawartos saged kawaos lumantar pawartos *online* ingkang saged dipun undhuh mawi *QR code* ingkang sampun kacawisaken wonten ing layar monitor, punapa ingkang sampun kacawisaken wonten grup Whatsapp, menapa déné lumantar iber-iber cetak ingkang kacawisaken wonten ing kori greja.

Pasamuwan kinasih, pisungsung Minggu menika saged kaaturaken ing kanthong ing satengahing pangibadah. Wondene pisungsung mirunggan saged dipun lebetaken ing salah satunggaling kanthong, utawi ing kothak, lan pasamuwan ingkang ngersakaken ngagem aplikasi *m-banking*, pisungsung saged dipun aturaken kanthi *scan* kode QRIS ingkang katèmpèl wonten ing papan palenggahan Bapak Ibu Sadherek sadaya.

Bapak, Ibu, lan Sadhèrèk ingkang dipun tresnani Gusti, pangibadah wekdal menika, kanthi irah-irahan **“Manunggal ing Katresnanipun Gusti”** badhé kaladosaken dening Pendeta

Kita purwakani pangibadah punika kanthi repening **Kidung Pasamuwan Kristen Enem Belas, Pada Setunggal lan Tiga (KPK 16 : 1, 3)**, **“Puji Mring Allah kang Maha Wisesa”***pasamuwan kasuwun jumeneng*

(1) Puji mring Allah Pangeran kang Maha Wisésa
muji rama binarung lan sawerning gangsa;
pangidungnya klayan bingah ing manah,
nggunggung Gustining pratitah.

(3) Puji mring Allah 'kang 'sung tentrem raharja nyata,
tansah ngganjar begja mring tyang kang sestu pracaya,
andel-andel wah pepadhang satuhu,
pujinen lan trusing kalbu.

(Kidung kawiwitan, Imam lan Pengkotbah lumebet dhumateng altar, Imam ngaturaken Kitab Suci dhumateng Pengkotbah, sakderengipun Pengkotbah mapan dhateng mimbar.)

3. Votum tuwin Salam Karaharjan:

(Pasamuwan Jumeng)

Pandhita : Pasamuwan kinasih, sumangga ing pangibadah dinten Minggu Kaping Pitu Paska menika kita sesarengan mratelakaken pangaken konjuk Gusti ingkang mekaten:

Sadaya : **Pitulungan kita punika pinangkanipun saking Sang Yehuwah ingkang nitahaken langit lan bumi, tuwin ingkang mboten nate nilaraken pakaryaning Astanipun.**

Pandhita : Sih rahmad lan tentrem rahayu saking Sang Yehuwah Gusti kita, tuwin Gusti Yesus wonten ing bapak, ibu, lan sadherek sadaya.

Pasamuwan : **Mekaten ugi ing panjenengan.**

Sadaya : **5 7 i . / 5 7 i . / 5 4 3 . /**
A min, A min, A min.

(Liturgos: Pasamuwan kula aturi lenggah.....)

4. Lektor : Waosan Sabda Introitus : Lelakone Para Rasul 1 : 12-14

Lektor : **“Mekaten sabdanipun Gusti”**

(Pasamuwan Lenggah)

Pasamuwan : **“Puji sokur konjuk Gusti”**

5. Liturgos : “Bapak, Ibu, saha para Sadherek ingkang kinasih wonten ing Gusti Yesus, Gusti kita tansah ngganjar begja tumrap tiyang ingkang saestu pitados ing sak lebeting gesangipun. Kita kadhawuhan dados paseksi mbabaraken pakaryanipun Gusti sumengka ing swarga. Sumangga kita sami memuji asmanipun Gusti kanthi ngrepenaken **Kidung Pasamuwan Kristen Kalih Atus Wolung Dasa Setunggal Pada Setunggal lan Sekawan (KPK 281 : 1, 4), “Sang Kristus Sumengka”**

(1) Wus rampung wus purna pakaryaning Gusti Sang Kristus sumengka dhateng swargi mring tyang kang pracaya dhawuhira martosken Injilnya sumrambah

Refr:

Gusti sumengka yéku panjerna gesang sampurna nèng Kraton swarga tyang tuhu pracaya asih bekti ndherek kamulyannya nunggil Gusti.

(4) Sang Kristus sumengka munggwèng kraton swargi ngutus tyang pracaya dadya seksi mbabarken tresnanya mring sesami mrih samya raharja wah basuki.....Refr:

6. **Pandhita : Sabda Andharaning Katresnan : Rum 6 : 14**

7. **Imam : Pacawisan Pamratobat**

“Pasamuwan ingkang satuhu dipun tresnani Gusti, pepetenging dosa sampun mboten nguwaosi kita, awit sih-rahmatipun Gusti ingkang sampun nguwali sedaya dosa kita.

Pramila sumangga sami kita cawisaken manah, sowan ing Ngarsanipun Gusti, ngakeni saha nelangsani sedaya karingkahan kita lumantar pandonga pamratobat. Kita purwakani kanthi repening **Kidung Pasamuwan Kristen Kawan Dasa Tiga Pada Setunggal lan Kalih (KPK 43 : 1, 2), “Nyuwun Enggaling Manah”**

(1) Gusti kula sestu nalangsa,
awit asring mbalela,
damel sekel galih Paduka,
kelu ombyaking donya,

Refr:

dhuh Gusti kawula nyuwun apura,
sinucekken sing dosa
mugi manah kula kaenggalna, mituhu Paduka.

(2) Sestu kula angraosaken sisah dening momotan,
nging lamun Paduka ngapunten manah kawula padhang.....Refr:

8. **Imam: Pandonga Pamratobat**

Sadhèrèk kinasih, sumangga kita lumebet ing suasana pamratobat. Kita ndedonga:

“Gusti Allah ing Sang Kristus sesembahan kawula, kawula sujud ing Ngarsa Paduka kanthi panelangsa, kawula ingkang asring mbalela lan asring damel sekel galih Paduka. Kawula tiyang ingkang kebak ing momotan dosa menika Gusti, Paduka paring apuntèn. Paduka nucekaken sedaya dosa kawula lan manah kawula Paduka enggalaken satemah kawula sami saget nglajengaken gesang menika ing pepadhang saking Paduka. Gusti, pandonga pamratobat kawula menika kawula aturaken wonten Ngarsa Dalem Sang Kristus Gusti, Juruning Wilujeng lan Petangen ingkang sejatos. Amin.”

9. **Pandhita : Pawartos Sih-Rahmat : Efesus 2 : 14**

Pandhita : Pangatag-atag Gesang Anyar : Efesus 4 : 3–6

10. **Liturgos** : “Pasamuwan brayatipun Gusti Yesus Kristus, sumangga kita sami ngudi lestantunipun tetunggilan ing Roh sarana suhing atut rukun. Temahan kita mboten dados lare malih, ingkang dipun obat-abitaken dening sawernining anging piwulang, dening pratingkah nasar, saha culikanipun manungsa ingkang mblasukaken. Sumangga kita tansah ngugemi dhawuhipun Gusti nglajengaken gesang kanthi tindak ingkang luhur mulya, kanthi pepujen kesanggeman kita **Kidung Pasamuwan Kristen Satus Suwidak Gangsal Pada Setunggal Lan Sekawan (KPK 165 : 1, 4), “Jatining Katresnan”**..... *Pasamuwan kula aturi jumeneng*

- (1) Lamun kula anglampahi tindak luhur mulya.
Nging yen tanpa tresna yekti muspra tanpa gina.

Refr:
Kula winulanga tansah lampah tresna
lelabet sesami nulad tindaking Gusti.
Kula winulangna tansah tresna trusing ati
Nggih nuladha tindaking Gusti.

- (4) Tresna iku sepi pamrih wah luber ing budi,
tan gumunggung lembah manah tansah andum berkah.....Refr:

(Liturgos : *Pasamuwan kula aturi lenggah.....*)

11. Wedharing Sabdanipun Gusti

(*Pasamuwan Lenggah*)

a) Pandhita : Pandonga Epiklese

b) Pandhita : maosaken Yokanan 17 : 1–11

c) Pandhita : **Rahayu saben tiyang ingkang mirengaken sabdanipun Gusti lan nindhakaken karsanipun Gusti ing gesang padintenan. Haleluya.**

Pasamuwan: 1 1 | 3 3 0 3 3 | 5 5 0 5 5 | 6 . 5 4 3 |

Hale- luya Hale-luya Hale - lu - ya

d) **Irah-irahan: “Manunggal ing Katresnanipun Gusti”**

e) **Ancas : Pasamuwan nyuraosi bilih Gusti Allah nresnani pasamuwan satemah pasamuwan saged mujudaken kanthi manunggal ing katresnanipun Gusti awit saking pakaryanipun Roh Suci.**

12. Pisungsung

Imam : “Pasamuwan kagunganipun Gusti; Gusti Allah ingkang nresnani kita paring dhawuh supados kita manunggal ing katresnanipun Gusti lan mbabar katresnan menika tumrap sesami.

Pramila minangka wujud panuwun sokur awit katresnanipun Gusti supados dados sarana kangge migatosaken sesami, kita aturaken pisungsung ingkang sampun kita cawisaken.

Pisungsung wekdal menika kapantha dados tigang kanthong, kanthong setunggal lan kalih kagem pasamuwan, lan kanthong tiga kagem panyengkuyung dana griya éméritus. Pisungsung wulanan lan mirunggan saged dipun lebetaken ing kotak utawi salah satunggaling kantong, lan ingkang ngersakaken caos pisungsung kanthi migunakaken aplikasi m-banking, sumangga saged mawi scan kode QRIS ingkang sampun cumawis, katèmpèl wonten palenggahan.

Tetales pisungsung ing wekdal menika kapethik saking Kitab **Rum Nem Belas ayat Pitu Likur (Rum 16 : 27)** ingkang mekaten suraosipun: **...iya kagem Panjenengane, Gusti Allah kang wicaksana piyambak, awit saka Gusti Yesus Kristus: sakehing kamulyan langgeng ing salawas-lawase! Amin.”**

Sumangga sesarengan kita aturaken pisungsung, kanthi ngrepèkaken **Kidung Pasamuwan Kristen Satus Wolung Dasa Wolu Pada Setunggal dumugi Sekawan (KPK 188 : 1–4), “Asung Pisungsung”**

- (1) Sumangga sung pisungsung mring Allah Ma agung krana gunging sihrahmat kang luber tan kendhat.
- (2) Misungsung kanthi loma cihnaning panuwun, de gesang tansah begja wit Allah kang nuntun.
- (3) Bandha, arta pethingan kang katur mring Gusti, bludaging kabingahan wit berkah tan sepi.
- (4) Saos pisungsung kathah cacahnya tan tim'bang, lan gung berkahing Allah tan kenging winilang.

13. Pandhita : Pandonga Syukur lan Syafaat

14. Liturgos : “Bapak, Ibu, lan Sedhèrèk kinasih ing Gusti Yesus Kristus, sumangga sesarengan kaliyan tiyang pitados ing pundi-pundi papan, kita sami nélakaken **Pangaken Pitados Rasuli**. Pasamuwan kula aturi jumeneng

- Kawula pitados dhateng Allah Sang Rama, ingkang Mahakawasa, ingkang nitahaken langit kaliyan bumi.
- Inggih pitados dhateng Yesus Kristus ingkang Putra ontang-anting, Gusti kawula.
- Inggih kabobotaken dening Roh Suci, miyos saking prawan Maryam.
- Inggih nandhang sangsara nalika jumenengipun Pontius Pilatus, kasalib, nglampahi seda, lajeng kasarekaken, tumedhak dhateng ing teleng palimengan.
- Ing tigang dintenipun wungu malih saking antawisipun tiyang pejah.
- Lajeng sumengka dhateng ing swarga, pinarak wonten ing tengenipun Allah Sang Rama ingkang mahakawasa,
- Saking ngriku inggih badhe rawuhipun ngadili tiyang ingkang gesang kaliyan ingkang pejah.
- Kawula pitados dhateng Roh Suci.
- Kawula pitados wontenipun pasamuwan Kristen satunggal ingkang suci sarta wradin, inggih patunggilanipun para suci.
- Punapa-dene pangapuntening dosa.
- Tanginipun raga.
- Sarta gesang langgeng.

15. Pandhita : Paladosan Berkah

16. **Liturgos** : “Pradataning Pasamuwan ngaturaken panuwun dhumateng Pendeta lan sadaya paraga ingkang sampun nyengkuyung lampahing pangibadah punika.

Pasamuwan kinasih, sumangga kita pungkasi pangibadah menika kanthi renaning manah lan kebak ing katentreman lan karaharjan tansah manunggal ing katresnanipun Gusti. Sumangga kita sami tansah njagi kasarasan kita piyambak-piyambak.

Pangibadah kita pungkasi kanthi repening **Kidung Pasamuwan Jawi Satus Pitung Dasa Gangsal Pada Setunggal Lan Kalih (KPJ 175 : 1, 2), “Neng Gunung Wah Neng Ngare”**

(1) Nèng gunung wah nèng ngaré, Gusti Allah ana.
Nyanga ngendi paranku, mesthi ana uga.
Endi kang dadi cipta lan osiking ati,
kabèh mesthi kapirsan ing Allah Hyang Widi.

(2) Sang Rama anèng swarga mengku samubarang.
Sing sapa kang kumandel mesthi tinulungan.
Manuk ing awang-awang, Allah kang ngingoni.
Suket lan thethukulan, wrata dènpaèsi.

17. **Liturgos** : “Sugeng dinten Minggu lan kita sami tansah binerkahan ing Sang Kristus Gusti. Amin.”